

liye kote ou sòti

Bò kote m

dat yo konnen,

dou !

ou, ou fou pou mwen
ou sere m, antortye m
ou, ou fou pou mwen

ou : sanble ou timid ?

9 sur 88

Local - Tom 1 - you may like this

RICO

Trench

St. Martin, St. Barts, Guadeloupe, St. John's, Basse-Terre, Plymouth, Basse-Terre, DOMINIC A. Roseau, Fort-de-France, Martinique, Castries

Antigua

Isla Margarita

Port-of

Caracas

Puerto La Vega

Barceloneta

Maturin

ou on


ò

o

|c|

|o|

CLO





quelques mots et le voyage commence !

MEN SA KI NAN PIBLIKASYON SA A :

Jounen Mondyal dlo	4
Tou rete rete	5
Lavni beni	7
Bò kote m	10
Konpoze	14
Egzanp	18
Li kite chapo l	22
Ti tach koulè	26
Travayè	28
Koulye a	32
Ti moun siz an	33
Silo konfyans	38
Aprezan	38
Bwè, Manje, Resikle !	40
Po bannann	42
Pòko janm kontre	65
Reponn	67
Fatra kouri	72
Voye jete kite	75

2 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kek tèks

Nan zòn	78
Li gen tout mo	82
Tande nou tandè	85
Panse nan Di Me De Mil Dizwit	87
Ou sikre	88
Pitit ou parèt	89
Bebe m ap bwè w	91
Mwen renmen yo	93
Avè li	97
Espre	98
Kè kontan	101
Arebò kreye !	103
Nan betiz	108
Gayè	110
An nou	112
Fòs isi a	115
Lwa Plank	117
Kèk zouti ak sous enspirasyon	120

3 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kek tèks

Jounen Mondyal dlo

Yon ti gout dlo, li tou piti
 Ki sa n ap fè avè li ?
 De ti gout dlo, yo pa menm gran
 Ki lè n ap gen tan ?
 Twa ti gout dlo, se lasisin
 E powèm sa a ap fini rive nan
 Batin

<https://www.tanbou.com/2018/pwezi.htm>



4 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kek tèks

Tou rete rete

Lavi a dwòl !
 Konnen lè ou gen yon wòl !

Kite dlo sa a
 Ki fèk jete w la
 Demawe l !
 Kite l ale
 Se poze w poze
 Se ale li ale

Vini bò kote mwen.
 Vini karese mwen.

5 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kek tèks


Vini touche mwen.
 Vini chita sou mwen.
 Vini poze w sou mwen.
 Vini lage w sou mwen.
 Vini lonje sou mwen.
 Vini nan mitan mwen.
 Vini ouvri kò w sou mwen.
 Vini melanje w avè m.
 Vini vlope w avè m.
 Vini fè youn avè m.
 Vini konpoze avè m.

Koulye a, ou konnen
 Ki sa ou ye pou mwen ?

6 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kek tèks

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2017/11/tou-rete-rete-lavi-dwol-konnen-le-ou.html>



Lavni beni

Kreyòl pale, kreyòl konprann
 Vini eseye : n ap vini pi fò
 ansanm

7 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kek tèks

Pa janm sispann pran plezi
 Pa janm sispann pale an daki
 Pa janm sispann reve je louvri
 Pa janm sispann renmen lavi
 Pa janm sispann aprann epi li
 Pa janm sispann koute epi ri
 Pa janm sispann chante,
 danse tankou yon kabrit

Kreyòl pale, kreyòl konprann
 Vini eseye : n ap vini pi fò
 ansanm

Pa janm sispann pwoteje lanati

8 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kek tèks

Pa janm sispann dekouvri lòt
mèzi, lòt kilti
Pa janm sispann kontre vrè
zanmi
Ansanm, ou mèt chita, oswa
mache nan lari
Pa janm sispann pran nouvèl
fanmi
Pa janm sispann kwè nan
agrikilti
Pa janm sispann dekouvri lòt
kilti, lòt peyi
Pa janm bliye kote ou sòti
<https://www.tanbou.com/2018/pwezi.html>

9 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

Bò kote m

Pou dat yo konnen,
Li di l :

« Wi doudou !
Ou damou, ou fou pou mwen
Lanmou ou sere m, antòtye m
Ou damou, ou fou pou mwen
Wi doudou !

Cheri doudou :
Sanble ou timid ?
Ou pa yon vye gason fwonte

10 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

K ap simen pitit li tout kote
Ou pran tan ou
Lè ti twou a pare pou ou :
Ou plante nan mwen.
Lanne yo ap pase,
Ou pa mande rete :
Ou fouye m, lannuit kou
lajounen
Ou fouye m.
Nannan mwen, ou pouse
Tankou se fon zantray mwen
w ap chache.
Pa gen sezon,

11 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

Ou fouye m, lannuit kou
lajounen
Ou fouye m.
Nannan mwen, ou pouse
Tankou se fon zantray mwen
w ap chache

Ou pa menm di ditou !
Pa gen okenn kay, ou pa ka
bite m pi rèd ankò
Ou ta fè menaj avè m tout
kote !
Cheri Papa : pitit nou yo
pouse, yo grandi

12 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

Tim tim !
An n al chache Ti Pyè !
...pitit sa a sanble rive avan nou !
M renmen ti lodè w
M ap swiv ou, k ap swiv mwen
Ou rete avè m, menm lè m ap
glise
Avè ou, m santi konfyans ak
lasante
E tout vye ravèt yo fini danse
Ou gen lespri, ou pa nan pale
franse

13 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

M gen chans kontre ou : se
verite !
Lavalas mèt tonbe, mwen
konnen ti vetivè m
Ap toujou veye sou mwen
menm : ti tè li a, li renmen.

Vètivè gen anpil gwo kalite :
An nou sèvi avè l tout kote !

<https://www.tanbou.com/2018/pwezi.html>

Konpoze

Yo rele nou fatra, men fò ou
sonje
Sa bèl lè nou melanje
Nou vire, nou tounen
Se pa de monte, chalè a ap
monte
Wi, chalè a ap monte
Gen kèk gaz ki ap chape :
Pa enkyete w, Doudou,
« Misye konpòs, se avè ou
li ye ».
Chalè a monte
Gen kèk gaz ki chape : Nou
pa bezwen kouran,

15 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

Se nou menm k ap voye
elektrisite.
Se konpòs mwen ye,
Banm tout sa ou vle.
Ou sikre : m ap manje w.
Ou si : m kapab manje ou tou.
Se kon sa mwen ye :
Tout sa ou ye,
M ap manje.
Ti mòso a ti mòso
Kraze bwa, kraze zo.
Ti mòso a ti mòso
Nou vini melanje tankou dlo.
Po, lèt, ze

16 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

Yon sèl eleman nou fòme.
Po, lèt, ze
Yo rele nou fatra, men fò nou
sonje
Ban mwen bon manje pou m
manje
Se konpòs mwen ye.
Manman, Papa
Pa manke m dega
Pa mete plastik nan mitan nou
Pa jete fè tou, nan mitan nou.
Nou rayi yo
Nou pa sipòte yo.
Yo anpeche nou fè

17 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

Sa nou gen pou fè
Yo anpeche nou rive nan sim
Yo anpeche nou rive nan leta
iltim
Yo rele nou fatra, men fò nou
tout sonje
Sa bon, sa bèl pou latè Lè nou
konpoze.

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2017/12/konpoze.html>

Egzanp

Bayakou se yon fyète

18 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

Yo fè anpil pou nou. Men, yo
twò rete nan lonbray

Bayakou se yon egzanp
Yo fè kòb, yo swe, yo gen
tranp
Se pa sèl « bwè, manje, jète » :
yo fè rant
Lavi a rèd, e lavni yo gen bon
sant

Bayakou se pwoteksyon
Yon travay pou ajoute nan
dividal anbisyon n

21 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

Ekonomi bag, plantasyon,
Anviwònman, pwogre
lanasyon
Nan men bayakou gen bèl
lorizon

<https://www.tanbou.com/2018/pwezi.htm>

Li kite chapo l

Zanmi m ale li kite chapo l

Lè l fè fredri pi souvan
Li pote youn detanzantan

22 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

Pou tout moun, yo gen respè
Nou rele yo pou afè dlo sal ak
lasante
E tout kote yo pase, yo fè
pwòpte

Bayakou se yon kado
Lè nou reflechi, nou tout
bezwen yo !
Pa gen pèsòn ki pa fè pou pou,
ki pa fè popo
Oswa nou ta tout fè vwèl pou
peyi san chapo

19 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

Bayakou pa souse dwèt yo jis
aprè travay
Nou menm nou sòti, nou
griyen dan
Dènye fwa nou kontre
Nan trant jen nou te ye
Nan Mize « *Quai Branly* » nou te
pwomennen
Nou dekouvri Amana ak Maori
Nan « La Before » nou pran plezi

Ou renmen Pari
E ou renmen dekouvri lòt kilti

23 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

Bayakou se yon sous lò
Yo jwèn plis pase lòt bò
Pitit yo pa rete an deyò
Men, yo aprann lekòl pou yo
vin fò

Bayakou pa souse dwèt yo jis
aprè travay
Pran plezi, fè kòb, gen yon tan
pou tout bagay
Chita pa bay : ou ranje kay ou
anvan gen loray.
Yo pa rantre nan tripotay, nan
lavil tankou nan kanpay

20 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

Rete chita nou pa konn sa
Nou mache, nou sòti nan
galrida
Pale anglè ak jouman san
traka
Griyen dan tout kote nou gen
dwa
Jis nou rantre nan fè nwa

M sonje bèl moman nou pase
Bon chokola nou manje
Ak gwo ti ponch nou te goute
M ta fè yo ankò pou w ta rete
Men tan an ap kouri, ou ale

24 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayèk tèks

Souvni yo rete
Nou tris, tout figi nou plen dlo
Zanmi nou ale pou peyi san
chapo

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2017/12/li-kite-chapo-l.html>



25 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

Ti tach koulè

Moun a Pari pi nwè pase nèg
Soulye yo nwè
Pantalon yo nwè
Chemiz yo nwè
Makout yo nwè
Chapo, manto yo nwè
Tout rad yo nwè
Tout figi yo nwè
Yo pi nwè pase nèg
Tout nanm yo nwè

Gras a Dye gen ti tach koulè !

26 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

Ti tach solèy !
Gade nan metwo oswa nan lari :
Yo souri
Yo di bonjou
Yo konn mèsì
Respè,
Bonte,
Dousè yo pa gen lè :
Pari a reyisi !

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2017/12/ti-tach-koule.html>

27 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

Travayè

Pou ki sa yo chwazi sa a ?
Pou ki sa yo travay di kon sa ?

Solèy pòko leve, yo pòte chay,
yo swe
Jounen yo rèd : se pa de
mache yo mache,
Jounen yo rèd : se pa de
koube yo koube

Lannuit, lajounen,
Gwo chalè, gran fredri mèt brile
zo yo

28 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

Lannuit, lajounen,
Yo renmen sa yo fè, yo gen
fyète yo
Koute yo nan lari, yo renmen
sa yo fè, yo gen fyète yo
Nan transpò piblik, yo renmen
sa yo fè, yo gen fyète yo

Yo pran douvan, e yo fè jou
louvri

Bite tè a pa dous,
Se rezilta a ki pi gran resous

29 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

Chak jounen yo gen yon sans
Chak jou yo aprann e yo pran
esperyans.
Nenpòt kote yo ale, ni kote yo
sòti se yon chans :
Konbit yo se yon syans !
Piti kou gran gen enpòtans
Tout ansanm yo pataje
konpetans

Men d'è v bon mache ?
Lè yo ale nou kontrarye !

30 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

Tout bòs se bòs, men tout bòs
pa menm :
Aprè yo pa gen lòt !
Yo la pou nasyon an vini fòt !
Bòs, Pechè, Bayakou,
Peyizan :
Koute yo k ap konte, yo griyen
dan
Koute yo k ap pataje, kè nou
kontan !

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2017/12/travaye.html>

31 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

Koulye a

Aswè a
An nou mache ti pa ti pa
An nou chita
An nou kabicha
Koulye a
An nou voye alsiyis jis nan fè
nwa
Tim tim !
Ouvè wa, fenme wa !
Nou fè lasisin
Ak ti Wa a !
Lannuit sa a

32 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

An nou bwè bon tafya
Ren pou ren nan chak djòl
ki la.
Sa bèl lè rive ti moman sa a :
Li komanse ti istwa a.

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2017/12/koulye-a-aswe-annou-mache-ti-pa-ti-pa.html>

Ti moun siz an

Li gen fyèl
Kè l kontan : l ap souri.
Li pale ak gran moun,
Li pale ak ti moun,
Li konprann sa l ap di,

33 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Men, sonje :
se jwe l ap jwe !
Li defye yo : kè l kontan !
Tankou tout ti moun siz an Li
griyen dan

Jèn, vye :
Ansanm yo jwe,
Ansanm yo pataje.
Montre l yon kabòs,
L ap reponn kakao.
Montre vetivè,
Li reponn : « Vetivè,
Se yon plant ki pwoteje latè. »

34 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Siz an l fèk fete
Ayiti, li renmen l
Li fyè, paske l konnen l
Tankou yon ti moun siz an,
ki soti Ayiti
Men, se lòt bò li grandi !
Gran moun, nou tout sezi !

Li rele Manman,
Li rele Papa
Ansanm
Pou nou vini chita.
Li di : pa enkyete w,
Bagay sa ap enterese w.

35 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Voye « tim tim! »
L ap reponn : « Bwa sèk ! »
Se siz an li genyen :
Pa manke l dega
Oswa
Se li menm k ap rakonte
istwa a !
Li konnen Ti Pyè,
Li konnen vetivè.
Pase isit, l ap pase la.
Pye mouye :
li konnen pou ki sa.
Li fyè : kè l kontan !
Li renmen paske l konnen

36 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Se yon konfimasyon
Kreyòl se djondjon :
Li leve kote l vle !
An nou pale kreyòl tout kote !

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/01/ti-moun-si-zan.html>

Silo konfyans

Zye kontre lanmou monte
Men nan men traka kaba
Bouch nan bouch :
Sous sa a dous
Nanm yo fè youn
Sa bèl pou lemonn

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/01/silo-konfyans.html>

Aprezan

M pa t konn ki jan
Pou m pale avè w

38 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

M pa t konn ki jan
Pou m reyaji avè w
Ou pa t konn ki jan
Pou ou reyaji san kolè
Nou pa t konn ki jan
Pou n esprime san movè san

M ta renmen remoute tan an
M ta mete m chita san pèdi tan
Pran bon konsèy nan silo
sajès :

M ta anjwa, kè m t ap kontan
Paske nou t ap toujou ansanm
Ankò aprezan

39 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/01/aprezan.html>

Bwè, Manje, Resikle !

Tim tim !
Bwa sèk !
Bwè, Manje, Jete !
Kokoye !
...tanpri, eskize m boubout :
Sanble ou pèdi ou nan wout !
Aplikasyon kokoye ou bliye yo
tout
Jodi a nou fè kòd, nou fè
panye, nou fè tout

40 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks



37 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Jodi a « Bwè Manje Resikle ! »
Nou mèt reponn « Kokoye ! »

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/03/bwe-manje-resykle.html>



41 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Po bannann



Nan kafou sèlfi, bwè tafya,
manje fritay

42 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Gen Madan Sara ak jwè
domino sou yon wout lakay
Ti demwazèl vann fig ak lòt
bagay
Tèt li dwèt, li mache ak anpil
cham
Panye sou tèt, tèt sou zepol : a
yay yay !
Biznis li a pa yon chay

*Po bannann - Penti nimewo 1
Chevelin Illustration, 2016*

*

43 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks



Nan lajounen depi grann
maten
Yo tout kontre nan menm
chimen

44 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks


Ti Jan, yon minis k ap kabicha
nan yon machin
Defiley, ki pral lekòl lavil
Konpè Belizè, k ap kalkile
Konbyen kòb k ap rete
Pi ta pou manje yon pate
Si depi koulye a se yon ti fig li
achte

*Po bannann - Penti nimewo 2
Chevelin Illustration, 2016*

*

45 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks



- « Bonjour Madan Sara, ki jan
ou ye ti cheri ? »

46 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

- « Bonjour Konpè, ou konnen :
mwen la. E ou menm,
Belizè ?
Toujou ap fè seksyè ? »
Konpè Belizè souri :
- « Haha : pa manke m dega.
M ta renmen yon ti fig
tanpri. »
- « Pran yon ti kasav, ak
manba, mango, zaboka,
zoranj, papi...(ta) »
- « Eskize m ti cheri,
Ven kòb ak di goud se sèl
sa m genyen jodi.

47 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

M grangou. Men, m p ap
mande ou kredi :
M konnen deja ou gen yon sòl
ki ap kouri. »

*Po bannann - Penti nimewo 3
Chevelin Illustration, 2016*

*

48 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks



Konpè Belizè achte yon fig :
swip swap !
Se pa de grangou li grangou :
li kale l tap tap !

*Po bannann - Penti nimewo 4
Chevelin Illustration, 2016*

*

Pyès monnen yo tonbe nan
men Sara : flip flap !
Demwazèl vire do l, li p ap fè
bak.

49 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks



Bèl Kaprina vini,
Madan Jòj li ye, li sòti,
Epi
Sere fenmen machin li :

51 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

twi twi !
Konpè Belizè kite po bannann
nan atè
San l pa menm gade
Moun yo k ap vini dèyè

*Po bannann - Penti nimewo 5
Chevelin Illustration, 2016*

*

52 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks



De zye l yo dri.
Ti fi a glise, rele, manke mouri !
Epi
Po bannann nan pa menm fè
yon bri

*Po bannann - Penti nimewo 6
Chevelin Illustration, 2016*

*

Anmwe ! Mezanmi !
Lisyen ki renmen file bèl fi seksi
Gade manzèl Kaprina tankou
yon potovi :

53 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks



Bow !
Kaprina ! Lisyen ! Tout pye yo
anlè !

55 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks


Po bannann ak tout bounda yo
ap siye atè :
Kaprina devan, Lisyen dèyè.
Yon oto manke kraze yo,
Men, Chofè Woulib vire volan
sou kote ba yo

*Po bannann - Penti nimewo 7
Chevelin Illustration, 2016*

*

56 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks



Nan rayisans nan rayisans nèt
Chofè Woulib, Karl, Ti Djo ak
tout patnè
Ap joure ti jèn jan ki atè :

57 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks


Yo pa fè dèt !
Tim tim !
Baz fwonte
Mete palmis nan fas Bondye !
Kaprina ak Lisyen tou rete
lage
Tankou de kokobe.
Machin la, se ale li ale
Tèt Chofè Woulib tounen, se
vire li vire
Tankou po bannann nan
soulye,
De grenn zye l pa mande rete :
Se twaze li twaze

Po bannann - Penti nimewo 8

58 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Chevelin Illustration, 2016



Lisyen di : « Pa enkyete w, non
Madanm. »

59 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks


Estefan tonbe nan joure :
« Malfèktè ? Miyann !
Bann egare, bann ravèt,
bann ...
Yo konnen yo pi mal pase
towo ki pral sal savann »
Kaprina konnen dan pouri gen
fòs sou bannann mi.
Li te gen kè sote; men, koulye a
Kaprina sezi !

Po bannann - Penti nimewo 9
Chevelin Illustration, 2016

*

60 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks



Bim !
Nan Woulib !
Blokotom blow !

61 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Yon kamyònèt mete pou yo !
Zaboka, fig, fanm, gason
Tout chay la gaye tankou yon
Dal marengwen nan lapli kal
pwason

Po bannann - Penti nimewo 10
Chevelin Illustration, 2016

*

62 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks



Tèt chaje !
Lafimen a monte !
Mari Chimèn, Lisya, Estè,
Jan, Modèt, Estefan, Ti Pyè

63 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Men kèk tèks mwen ekri pou m fè jefò.
Mèsi anpil pou valè ou ba yo.
Mèsi anpil pou tout tan ou ban mwen
Mèsi anpil pou tout panse ak konsèy w ap pataje
avè m !

=> Roseny BLANCA,
voyageonslocal@gmail.com

@VoyageonsLocal

quelques mots et le voyage commence !

2017 – 2020



Tout moun alawonnbadè
Kouri vini gade
Nan lari a sa k ap pase
« Ayi mesye dam : veye !
Pran konsyans kote ou
mache »
Kriye
Ti po bannann ki atè
Tou rete rete

*Po bannann - Pentè nimewo 11
Chevelin Illustration, 2016*
MÈSI ANPIL CHEVELIN PIERRE !

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/04/po-bannann.html>

64 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Pòko janm kontre

Nou pòko janm kontre
M ta renmen konnen ki moun
ou ye

M pòko abitye avè w :
nou pòko kontre.
Montre m ajisman ou :
Montre m lareyalite
Ki jan m ap reyaji avè w ?
Ki moun mwen ye ?

65 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Yon frè, yon ekriven k ap
batay pou lalibète
Yon kouzin, yon syantifik k ap
batay pou pwogrè
Yon zanmi ak rèv, prensip,
leson,
Yon egzanp, sajès, listwa,
anbisyon

Pou moun san non
Moun mwen pòko kontre
Pou moun san non
Moun mwen pòko abitye
Lamas m p ap janm kontre

66 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

M di ou mèsi pou tout sa ou ye

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/04/poko-janm-kontre.html>

Reponn

Zye kontre, manti kaba :
W ap twaze m tankou yon lwa
Menm nan fè nwa
Gen yon reflè nan miwa a

Ki sa m ap kite dèyè m ?
Ki sa mwen ye ?

67 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Ki panse m ap kite dèyè m ?
Ki moun mwen ye ?

Ki bonnè m ap kite ?
Ki malè m ap mennen ?
Lage yon dra blan
Pa tonbe nan jouman
Pran plezi, griyen dan,
sonje mwen ak kè kontan

Ou menm ki rete :
Reponn,
Di m ki moun mwen ye.

68 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Se sèl yon moun ki ta
reponn ?
Se sèl yon moun ki kapab
reponn ?
Se sèl yon moun ki ta
sipoze reponn ?
Èske yon moun menm ta dwe
reponn ?

Ki sa m kite dèyè mwen ?
Miwa pwòp tèt mwen ?
Ki sa m kite ou konnen sou
mwen ?
Ki moun mwen ye ?
Ki listwa mwen genyen ?

69 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Ki sekre m ap mennen ?
Nan mitan zye
Nan fon kè
Nan mitan panse
Nan sim laverite
Griyen dan pa di zanmi pou sa
Pale franse san pa gen lespri
pou sa
Makak pa jwe ak tig
Kouto konnen sa ki genyen
nan kè fig
Zanmi, fanmi :
Ou pli mal pase jounalis !
Fanmi, zanmi :

70 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Lang ou file tankou flèch
palmis !
Ki sa m kite dèyè mwen ?
Miwa pwòp tèt mwen ?
Ki sa m kite ou konnen sou
mwen ?
Se sèl yon moun ki kapab
reponn ?
Se sèl yon moun ki ta
sipoze reponn ?
Èske yon moun ta menm dwe
reponn ?

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/04/reponn.html>

71 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekayè kèk tèks

Fatra kouri

An n pale yon bagay serye.
Gen yon dividal desen kouri
Tankou Sipèmann, Batmann,
Spaydèmann,

Yo kraze tout sa yo genyen
Yo pete tout sa yo kontre !
Ki kalite sitwayen k ap rete ?
Yo tout se dezòd yo dezòd :
Pa gen youn menm k ap mete
lòd

Lari a kraze

72 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Machin yo kraze
Kamyònèt yo kraze
Biwo yo kraze
Skilti yo kraze
Mize a kraze
Gwo bildin yo kraze
Tònè !
Gwo wòch ti pyè tonbe kraze
Nou pa janm wè yo ranmase
Ki kalite egzans yo ye ?
Ki kalite sitwayen ki rete ?

Gade anpil desen kouri
Yo brile kay

73 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Yo kraze bildin
Tout yo tout rete atè !
Ki moun ki ta pran yon bale ?
Ki moun k ap fè pwòpte ?
Tankou lari a pa t gen valè,
Se jete yo jete san yo pa
menm panse.
Iks menn, Sipèmann, Sibòg,
Batmann,
Gokou, Nawouto, Katara,
Sangowann,
Yo gen fòs, yo gen pwen, yo
gen kòb, yo gen sajès
E yo tout tonbe nan laparès

74 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Pou ki sa yo nan strès ?
Sanble : ranje gen movè près,
Oswa fè pousyè pòko alamòd.
Sonje fatra pa gen yon sèl kòd :
Resiklaj mete bon dezòd
nan lòd

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/05/fatra-kouri.html>

Voye jete kite

Pou ki sa se lòt bò m kite w ?
Pou ki sa se lòt bò m jete w ?

75 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Vini bò kote mwen
Pran plezi avè mwen
Cheri, ou mete m sou sa
An nou voye alsiyis jis nan fè
nwa

Pou ki sa se lòt bò m kite w ?
Pou ki sa se lòt bò m jete w ?
Ou ban m vag : kè m tris, m fè
move san.
Tèt mwen chaje : ou gen yon
pwen, yon cham yon tan
lontan
Eseye mwen eseye pran

76 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks


Nouvèl la ak kè kontan
Men sitiyasyon a te twò lou
anndan

Di m nan : yon mennaj tankou
ou se tèt nèg ?
Èske se sèl mwen menm ki ta
sipoze voye jete tout règ ?
M sonje w anpil mouche ki rele
« Womi Aristid Nestò »
Ki jan bagay yo ap pase lè n
ap kontre andewò ?

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/05/voye-jete-kite.html>

77 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks



Nan zòn

Apenn jou koumanse louvri
De zye l yo dri
Li pa gen tan pou l pèdi
Se travay ak kouray pou fè
seksi

Talè a li gen randevou
Ak yon demwazèl tankou l

78 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Medam yo pare, yo fin kòdjòm
Douvan dèyè dlo ap monte
desann mòn
De medam yo pral kraze yon
zòn
Douvan dèyè dlo ap monte
desann mòn
De medam yo anfòm
Kèk lougawou kache dèyè
mòn,
Nan randevou lanmou ak pye
mango ki djanm.

79 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Medam yo menm chita pale ak tout moun.

Jèn, vye,
Madan Sara, kòdonnye,
Bòs, chofè :
de moun sa yo rete ak tout moun.

Pran bon plezi nan lemonn :
Koute mizik, voye blag, kite telefòn
Pran bon plezi, griyen dan,
manje griyo, pikliz ak diri jòn


Apenn jou louvri

80 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Solèy la kale nou wi !
Tout zye nou dri
Jodi a nou tout zanmi
Mennaj, bouzen,
Ti razè, kaka kleren,
Nou tout zanmi
Ansanm nou pran plezi

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/06/nan-zon.html>



81 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Li gen tout mo

Li gen tout mo yon « koupe pa rele »
Li di sa l vle
Li konnen ki sa li renmen
Li gen tout mo yon « koupe pa rele »
Li souri, li pa nan pale franse
Li renmen sa li wè
Li gen tout mo yon « koupe pa rele »
Pa genyen fitilite
Nan mo li itilize

82 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Li gen tout mo yon « koupe pa rele »
San rete
Li mete men l kote li vle
San rete
Li gen tout mo yon « koupe pa rele »
Nan telefòn li pa rete
Rete chita pale
Li pa konnen
Li gen tout mo yon « koupe pa rele »
Okenn womans, okenn fitilite
Nèg sa a pa nan pale franse

83 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Ayi Bondye !
Tèt mwen vire
Li gen tout mo yon « koupe pa rele » !
Se sou sa a li ye
Se koupe li vle koupe
Li gen tout mo yon « koupe pa rele »
Koulye a ki sa n ap regle ?

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/06/li-gen-tout-mo.html>

84 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Tande nou tande

Ow?!
Ki sa sa ye la ?
Ki sa m tande ?
Ès yon moun ki ap pataje
Yon mizik li vle lòt moun pou yo koute ?
Do pou kont li, vle li pa vle rete !?
Do se lamas apresye li apresye ?
Pou fanm kou gason, se respè li gen respè ?

85 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Jèn kou vye, se montre li vle montre ?
Long tankou pye kout
Touris tankou abitye yo ki konn wout
Nou tout
Sa yo ki chita, tankou sa yo ki doubout
Nou tout !
Nan nou genyen ki abitye Oblije !
Nan nou genyen ki apresye Oblije !
Men bòs mizik, sonje

86 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Gen lòt yo ki gentan bouke Wi ti cheri, sonje
Gen lòt nèg nan menm kote Pou moun sa yo ki sa ki rete ?
Wi ti cheri, sonje
Se oblije ou oblije yo koute
Menm lè se vle yo pa vle

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/06/tande-nou-tande.html>

87 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekay kèk tèks

Panse nan Di Me De Mil Dizwit

Nou mete lòd
Nou konn kreye ak dezòd

Gwo jou dimanch
nou konn ranje kay
Nan simenn li simanyen :
li gen vi, ak anpil cham

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/06/panse-nan-di-me-de-mil-dizwit.html>

Ou sikre

Se pa de sikre ou sikre
M ap chita nan pye w
Se pa de pike ou pike
Sa rèd
Lè m vle manyen ou
Se pa de gou ou gou
Lè m kenbe ou,
M pa mande rete

88 sur 128

VoyageonsLocal - Tam 1 : yon reklyèk tèks

Men gwo w !
Ou gen dlo tout kote
Mèsi anpil zannanna pou tout
kalite w

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/06/ou-sikre.html>

Pitit ou parèt

Lavi a parèt,
Epi li kontinye wout li
Yon ti moun nan yon pousèt
Yon gran moun k ap souse
dwèt
Lavi a parèt, pa gen plas
sèlman pou souvni

89 sur 128

VoyageonsLocal - Tam 1 : yon reklyèk tèks

Jounen yo pase
Desizyon yo tonbe
Lavi a parèt,
An nou kontinye avè li
An nou genyen yon lo pitit !
Biznis, ti fi, penti
Ti gason, pwojè, skilti
An nou genyen yon lo pitit
An nou mache nan yon dal
konbit
An nou koumanse piti
An nou koumanse gran
Lavi a parèt : nou p ap janm
pèdi tan

90 sur 128

VoyageonsLocal - Tam 1 : yon reklyèk tèks

Kouri Tap Tap : nou p ap janm
pèdi tan
Kè pran pòz : nou p ap janm
pèdi tan
Se sèl plezi pou nou pran
An nou mache mache ak kè
kontan

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/07/pitit-ou-paret.html>

Bebe m ap bwè w

Ou fè m sou
M damou pou ou :

91 sur 128

VoyageonsLocal - Tam 1 : yon reklyèk tèks


Chak fwa m wè w !
Bouch mwen ap fè dlo
Tèt mwen vire : ou ban m cho !
M renmen ti lodè w
Ou p ap fè ti bebe avè m
Ou pa janm rete bèbè avè m
Chanpay, wonm, kleren,
Tafya, byè, diven,
Nou tout gen yon plas nan kè
mwen :

Ou konnen ?

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/07/bebe-m-ap-bwe-w.html>

92 sur 128

VoyageonsLocal - Tam 1 : yon reklyèk tèks



Mwen renmen yo

Mwen renmen yo pou sa yo ye
Papita ki gen plis gou fig pase
gou sèl :

93 sur 128

VoyageonsLocal - Tam 1 : yon reklyèk tèks

Se koupe dwèt, mwen pa
mande rete !
Salad, pikliz ak diri :
Dekorasyon nan mitan vyann ?
Se plis valè yo gen plis valè !
Frechè, pike, kwokan : se
koupe dwèt !

Dlo makonnen ak fwi !
Te enfize tap tap !
Yo pa gen lè : savè yo sibtil
Ou mèt bwè yo tout jounen : yo
itil !

94 sur 128

VoyageonsLocal - Tam 1 : yon reklyèk tèks

Bwason sa a respekte tout
manje nou manje.
Se koupe dwèt :
Mwen pa mande rete
Mwen renmen yo
Pou sa yo ye !

Prepare zaboka, aransò ak
mayi moulen.
Fè lasisin ak kann, chokola.
Mete djondjon, sòs pwa.
Manje mango, zannanna
Mwen renmen yo
Pou sa yo ye !

95 sur 128

VoyageonsLocal - Tam 1 : yon reklyèk tèks

Se koupe dwèt : mwen pa
mande rete !
Bwè kafe epi manje manba ak
kasav
Pran yon kout kleren,
Pataje griyo ak bannann peze
ren pou ren :
Mwen renmen yo pou sa yo ye !
Se koupe dwèt : mwen pa
mande rete !

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/08/mwen-renmen-yo.html>

96 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks



Avè li

Avè l nou konstwi, nou reve,
Papye sèvi anpil tout kote

97 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks



<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/09/avel.html>

Espre

Se kon sa li ye
ou konnen l deja
Li di ou sa deja

98 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

Ou mèt reponn se espre li fè
espre.
Menm si ou rele li zouzoun,
Li pa jwe ak moun.
Menm si ou rele li zouzoun
Li pa prale jwe ak moun
Li pa konnen non okenn
moun,
Menm si ou ta rele li choukoun

Lè nou genyen yon randevou :
Vini anvan lè !
Li menm se ale li ale
Menm si li kapab tann nou,

99 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

Konnen li p ap rete
Se kon sa li ye
Nou konnen l deja
Li di nou sa deja
Nou mèt reponn se espre li fè
espre
Paske se yon tren esprès li ye

Tèks sa a ekri aprè tren an fèk pati kite m nan
Lond (T-T) :

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/10/ekspre.html>

100 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

Kè kontan

Ou fè kè m kontan !
Lè mwen voye tim tim !
Ou reponn « Bwa chèch ! »
Lè mwen montre ou vetivè
Ou reponn mwen : « Li pwoteje
latè »

Ou fè kè m kontan !

Ou fè kè m kontan !
Lè ou voye tim tim !
Ou fè kè m kontan !

101 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

Lè ou montre m jiwòf,
choublak, kachiman !
Lè m montre ou pye mango
pou randevou lanmou
Lè ou konnen ki nwè detenn
mil blan !

Lè ou pran plezi ak D.P.(Express)
Lè ou pale an daki
Se pa de kontan
Mwen kontan wi !

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2018/12/ke-kontan.html>

102 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

Arebò kreye !

Pran yon fèy papye
Ekri nan mitan, ekri tout kote :
Aprezan,
Arebò ak mitan an
Mèt kontre !

Fè l kouri
Katreven di
Degre
Pou l poze
Nan medyann fèy papye :
Somè nan twa ka,

103 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

Mwatye longè a nan ang dwa.
Pliye !
Kouzen somè opoze,
Metè l nan menm zen : pliye !
Pran yon pwent somè ki
pòko jwe
Metè mwatye longè a nan fas
twa ka lajè a :
Pliye !
Arebò kontre !
Kouzen somè opoze,
Metè l nan menm zen : pliye !
Arebò kontre !
Koulye a

104 sur 128
VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks


Se sèl de pwent ki rete :
Gen lòt arebò ki pral kontre !
Mèsi arebò !
Avè ou nou kreye !
Kenbe ti pwent,
Gade ti twou,
Epi fè l plonje !
Pliye !
Tounen vire !
Kenbe ti pwent,
Gade ti twou,
Epi fè l plonje !
Pliye !
Mèsi arebò !

105 sur 128
VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

Avè ou nou fèk kreye
Jodi a se yon kourye
Talè a yon liv, yon tap tap, yon
flè nou pliye
Demen : nou mèt reve
Koulye a metè yon tenm, yon
adrès epi voye
Mèsi arebò :
Avè ou, nou kreye !

Sous enspirasyon : pliye yon fèy papye ak metòd
origami a pou kreye yon kourye

106 sur 128
VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks



<https://voyageonslocal.blogspot.com/2019/01/arebo-kreye.html>

107 sur 128
VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

Nan betiz

Ki sa nou konprann ? Ki sa
nou vle ?
Moun sa yo se chante yo
chante
Gen yon pakèt ki renmen ki
koute
Gen lòt ankò se kritike yo
kritike
Ki sa nou konprann ? Ki sa
nou vle ?
Oswa l ap chante yon pakèt
vye tenten

108 sur 128
VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

Oswa fànatik pa wè yo nan
zen !
Oswa se yon atis,
Kote lòt yo sèl wè biznis Moun
sa yo konnen tout mye
pase tout moun ?
Oswa yo menm menm se
zouzoun ?
Yo di : « Se pase l ap pase ou
nan manti. »
Lòt ankò : « Se achte yo achte
figi. »
Tankou tout moun bay tèt nou
manti.

109 sur 128
VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

Ki sa nou konprann ? Ki sa
nou vle ?
Moun sa yo se chante yo
chante
Genyen se kritike yo kitrike.
Men, sonje :
Gen yon pakèt ki renmen ki
koute

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2019/01/nan-betiz.html>

Gaye

Metè yon ti dezòd

110 sur 128
VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

Jounen ou a gaye
Anyen pa gen sans
Minit yo ap pase :
Pa bay yo enpòtans


Koulye a,
Nan tèt ou gen lòd

Pinga ou panse :
Jodi a reve !
Ou mèt eseye
Ou gen libète.
Lè ou vle reyisi,
Se lè ou chwazi :

111 sur 128
VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòlè kèk tèks

Mete yon ti dezòd.

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2019/01/gaye.html>



An nou

Pran plezi lè n ap travay

112 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

Pran plezi lè nou rantre lakay

Pran plezi

Pran plezi

Pran plezi

Pran plezi lè nou mache nan

lari

Bwè ak zanmi

Manje ak fanmi

Koupe ti cheri

Pran plezi

Pran plezi

Pran plezi

Pran plezi nan menaj

Vwazinaj se dra blan

113 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

Rayi chyen; men, di dan l blan

Yon lè pou ti moun fwonte, yon

lòt pou ti moun byen saj

Pran plezi

Pran plezi

Pran plezi

Pran plezi triye fatra

Lajan pa swiv kòbiya

Pran plezi koute istwa

Pran plezi

Pran plezi

Pran plezi

Pran plezi vwayaje ak

dekouvri lòt kilti

114 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

Pran plezi

Pran plezi

Pran plezi

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2019/01/annou.html>

Fòs isi a

An nou eseye : n ap vini pi fò
ansanm

Ti moman senp

Ti moman nan konfyans

Nou pa nan rans

N ap eseye

N ap pataje

Bliye rayisans

115 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

Bliye manigans

An nou jwe ansanm

An nou bwè kleren

An nou pran konsyans

Ti moun, fanm, jèn, vye

Ble, wouj

Long, kout

Isi oswa la

Ni lajounen

Ni nan fè nwa

Ti moman senp

Ti moman nan konfyans

An nou eseye :

N ap vini pi fò ansanm

116 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2019/01/fos-isi-a.html>

Lwa Plank

Se pa de ploge yo ploge :

Youn ak lòt se graje yo graje !

Se pa de ploge yo ploge :

Youn ak lòt : moun sa yo pa

kras !

Se pa de danse yo danse :

Youn ak lòt se vibre yo vibre !

Youn ak lòt se briye yo briye !

Mas pèdi nan lamas.

117 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

Anbyans la cho

Manje kwit pa gen mèt :

Mas la cho,

Lwa plank pa fè dèt !

Nou pa wè yo

Souke, briye, foubi,

Pli mal pase yon moun ki ap

foubi yon chodyè

Souke, briye, foubi

Retire tout kras

Tankou nan chann Mas

Mas pa wè lamas !

118 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

Anbyans la cho

Nou pa wè yo

Se pa de briye yo briye :

Youn ak lòt se pa de danse yo

danse !

<https://voyageonslocal.blogspot.com/2019/01/lwa-plank.html>

119 sur 128

VoyageonsLocal - Tom 1 : yon rekòy kèk tèks

Kèk zouti ak sous enspirasyon

POTOMITAN : Promotion des cultures et des langues créoles « An nou voyé kreyòl douvan douvan » www.potomitan.info

TANBOU :
Revi ayisyen an twa lang sou kesyon politik e literè www.tanbou.com

AN N AL LAZIL : « Otè Fred Edson Lafortune ekri yon rekèy pwezi alafwa klasik e avangad. » Se sa Tontongi deklare.
Edisyon Trilingual Press
ISBN 13: 978-1-936431-20-5
114 paj

120 sur 128

VoyageonLocal - Tom 1 : yon rekèy kèk tèks

DICTIONNAIRE DES TITIM ET DES SIRANDANES :
Raphaël Confiant, Edisyon Ibis Rouge
ISBN : 978-2-91139-037-1
330 paj

Thierry HODEBARD ki akeyi nou anpil fwa nan 59Rivoli
<https://www.59rivoli.org/2016/04/20/thierry-hodebar/>
After squat - 59 rue de Rivoli - Paris - FRANCE

PETIT LEXIQUE DU CRÉOLE HAÏTIEN :
Emmanuel W. Vedrine - 2nd. ed. 2005
E. W. VEDRINE CREOLE PROJECT, Inc
P.O.B. 255962
Dorchester, MA 02125-5110 (U.S)
www.potomitan.info/vedrine/lexique.php

LES PRODUITS TYPIQUES D'HAÏTI - LES
POTENTIALITES ECONOMIQUES - Edisyon
2014 : Ministère du Commerce et de l'industrie

121 sur 128

VoyageonLocal - Tom 1 : yon rekèy kèk tèks

Collectif Haïti France : difizyon kilti ak aktyalite sou Ayiti pou pèp fransè a - <http://www.collectif-haiti.fr/creole.php>

PAFHA : Konbit ayisyen -
<https://www.facebook.com/pafha>

Haïti-Futur : difizyon tablo nimerik pou edikasyon ti moun - www.haitifutur.com/ressources/index.htm

M AP LI AK KÈ KONTAN - NIMEWO 4
LRCR - 19D
KOLEKSYON F.I.C.
EDISYON HENRI DESCHAMPS
maisonhenrideschamps.ht/path/?product=map-li-ak-ke-kontan-4-pqt24-c192

HISTOIRE D'HAÏTI - EDISYON HENRY
DESCHAMPS - DOKTÈ JUSTIN

124 sur 128

VoyageonLocal - Tom 1 : yon rekèy kèk tèks

CHRYSOSTOME DORSAINVIL - F.I.C. -
FRERES DE L'INSTRUCTION CHRETIENNE

HAÏTI REFERENCE - BASE DE DONNEES
PROPOSANT UNE VISION GLOBALE D'HAÏTI :
HISTOIRE, PROVERBES, ACTUALITE,
COMMEMORATIONS, EPHEMERIDES -
www.haiti-reference.com

CHEVELIN ILLUSTRATION - ESTIDYO
KOMINIKASYON, EDISYON DESEN, KÒMIKS,
ESTIDYO ANIMASYON - +509 32 88 5251 -
facebook.com/chevelin.illustration

TRILINGUAL PRESS - PRÈS TRILENG - PRESSE
TRILINGUE
PO Box 391206, Cambridge, MA 02139 (USA)
Tel: 617-331-2269 • E-mail:
trilingualpress@tanbou.com

125 sur 128

VoyageonLocal - Tom 1 : yon rekèy kèk tèks

(MCI) & Programme des Nations Unies pour le développement en Haïti (PNUD Haïti) - 124 paj
www.undp.org/content/dam/haiti/docs/rapport/UN-DP-HT-Livelihoods-Produits_typiques-20141016.pdf

BATIN : Vil nan zòn Arkayè - 18.849985,-72.416747

« LE SYSTÈME VETIVER - GESTION DURABLE DE
L'ENVIRONNEMENT NATUREL » :
John Greenfield -
The Vetiver Network International
709 Briar Rd., Bellington,
WA 98225
USA
www.vetiver.org

AKADEMI KREYOL AYISYEN (AKA) -
akademikreyol.net

122 sur 128

VoyageonLocal - Tom 1 : yon rekèy kèk tèks

HISTOIRES ENTENDUES OU VECUES DANS UN
TAP TAP
Gary VICTOR
Dépôt légal : 13-08-335 - Bibliothèque Nationale
d'Haïti

Réédition - ISBN : 978-99970-0034-7
C3 Editions, 16 rue Rigaud, Pétienville, Haïti
Tél : 509 3422 4471 c3editionshaiti@gmail.com
ctroisgroup.com

AYITI ESKIRSYON - GID TOURISTIK MINISTÈ
TOURIS AK ASOSYASYON TOURISTIK AYITI
www.visithaiti.gouv.ht 18 rue Moïse, Pétienville,
Haïti, +50939068484

DIKSYONÈ KREYÒL VILSEN – TWAZYÈM EDISYON
Fekyè Vilsen ak Mod Etelou, Digital Library of the
Caribbean, Educa Vision, 2011,
ISBN : 9781584324355
<http://ufdc.ufl.edu/AA00010738/00001>
<https://educavision.com/book/diksyonkreyylvilsen2>

126 sur 128

VoyageonLocal - Tom 1 : yon rekèy kèk tèks

UBUNTU PARTY PARIS / accueil de la mini
conférence « Langue vivante en danger : cas
particulier du Créole »
talks.ubuntu-paris.org/conferences/UPP1710/schedule/events

GWROUP TRADIKSYON UBUNTU NAN TOUT LANG
TANKOU KREYOL -
<https://launchpad.net/~ubuntu-l10n-ht>

WIKIPEDIA NAN KREYOL - ht.wikipedia.org

FRAMASOFT : Konbit pou lojisyèl lib -
<https://framasoftware.com/fr>

Cleribert SENAT : Provèb ayisyen -
<http://cleribertsenat.e-monsite.com/pages/proverbe-haitien>

123 sur 128

VoyageonLocal - Tom 1 : yon rekèy kèk tèks

Nòt,panse,konsèy : seksyon sa a se pou ou !

Konstwi liv trapèz ou a :

A) Enprime chak paj liv sa nan fas sèlman

AN) Pran chak fèy yo epi chire yo nan mitan lajè a.

B) Pliye chak band papye nan kat fas marasa.

CH) Jwenn chak bout ak yon ti kal kòl riban

D) Pran plezi ak liv trapèz ou a !

@VoyageonsLocal

quelques mots et le voyage commence !

